



Pou Piblikasyon Imedya: 09/06/2025

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL DEWALE NOUVO DONE KI MONTRE GWO OGMANTASYON  
NAN PRIM ASIRANS SANTE CHAK MWA POU NOUYÒKÈ YO SI PWOJÈ LWA  
REKONSILYASYON 'BIG UGLY' GOP LA VIN YON LWA**

*Plis pase 240,000 Nouyòkè ap fè fas ak ogmantasyon nan prim asirans yo akòz eliminasyon kredi taks American Rescue Plan amelyore ak lòt chanjman*

*Kou mwayèn chak mwa yo ka ogmante plis pase 228 dola — sa ki reprezante yon ogmantasyon 38% pou yon koup — akòz eliminasyon kredi taks amelyore*

*Yo estime ke 65,000 ak 80,000 Nouyòkè, apeprè yon tyè nan moun ki enskri yo, ka pèdi kouvèti sou mache endividyèl yo*

*Repatisyon rejyonal ogmantasyon kou yo [disponib isit la](#); Repatisyon distri kongrè a [disponib isit la](#)*

Gouvènè Kathy Hochul pibliye jodi a nouvo done ki montre gwo enpak ke pwojè rekonsilyasyon 'Big Ugly' GOP la ta genyen sou fanmi yo nan Nouyòk. Dènye pwojè a menase pou deranje gravman kouvèti sante pou plizyè milyon Nouyòkè. Anplis [ogmante kantite moun san asirans jiska 1.5 milyon epi retire 13.5 milya dola nan finansman anyèl sistèm swen sante Nouyòk la](#), pwojè lwa a ap deklanche gwo ogmantasyon nan prim asirans sante prive pou Nouyòkè vilnerab yo nan epi enpoze chaj eksèsif pou konsomatè ki enskri atravè NY State of Health, ki se mache ofisyèl plan sante Eta a.

"Pwojè lwa Big Ugly GOP la ap redui kouvèti swen sante pou plizyè milyon Nouyòkè epi ogmante kou chak mwa jiska plizyè santèn dola," **Gouvènè Hochul te deklare.** "Si delegasyon Repibliken Nouyòk la pa kanpe pou pwòp sitwayen li yo, m ap fè l."

Founisè swen sante, konpayi asirans, ak lidè eta yo atravè peyi a ap bay alèt sou pwojè lwa yo pwopoze a, ki ta redui plizyè milya dola nan èd federal pou swen sante. Anplis de mete an danje, e nan kèk ka elimine nèt kouvèti pou 1.6 milyon moun ki enskri nan Plan Esansyèl (Essential Plan) Nouyòk, pwojè lwa a ta lakoz gwo ogmantasyon kou pou plizyè Nouyòkè ki achte asirans sante prive. Eliminasyon kredi taks prim amelyore Plan Sovtaj Ameriken (American Rescue Plan), poukont li, pral ogmante kou nèt kouvèti atravè Eta a an mwayèn jiska [38 pousan pou 140,000 moun ak fanmi ki gen revni ba](#) ki

achte plan atravè mache eta a. Sa vle di yon ogmantasyon kou 114 dola pa mwa pou yon sèl moun ak 228 dola pa mwa pou yon koup.

W ap jwenn anba a yon rezime sou ogmantasyon prim yo te atann akòz eliminasyon kredi taks sou prim amelyore American Rescue Plan atravè eta a:

Rejyon	Ogmantasyon Mwayèn Kou pa Mwa pou Yon Koup (\$)	Ogmantasyon Mwayèn kou pa Mwa pou Yon Koup (%)
New York City	\$211	38%
Mid-Hudson	\$206	31%
Long Island	\$219	32%
Capital Region	\$231	33%
Western New York	\$267	38%
Central New York	\$256	43%
Finger Lakes	\$248	42%
Mohawk Valley	\$270	49%
Southern Tier	\$265	48%
North Country	\$253	44%
Nan tout Eta a	\$228	38%

Enpak konbine eliminasyon kredi taks sou prim amelyore yo ak lòt dispozisyon nan pwopje lwa rekonsilyasyon Repibliken Chanm Reprezantan Etazini an pwopoze yo pral fè plis konsomatè ki an sante kite mache asirans lan, k ap kite yon popilasyon ki mwens an sante dèyè epi lakoz lòt ogmantasyon nan kou yo. Sik sa a pral lakoz kou asirans yo monte san kontwòl ak yon mank aksè nan kouvèti pou moun ak fanmi yo.

**Komisè Sante Eta Nouyòk la, Doktè James McDonald, te deklare,** "Rediksyon yo pwopoze pou èd federal pou swen sante a ap fè tout moun mal. Rediksyon sa yo prive travayè Nouyòk yo asirans sante. Yo diminye pwogrè nou te fè epi bay yon asirans

sante ki abòdab ak aksesib pou Nouyòkè yo. Lè moun pèdi asirans sante, yo riske pa jwenn swen sante yo bezwen oswa fè fas ak difikilte finansye."

Anplis ogmante prim pou moun ak fanmi ki gen revni ba ki benefisye kredi taks, yo estime ke eliminasyon kredi taks sa yo ap ogmante kou asirans pou plis pase 100,000 Nouyòkè ki achte kouvèti sou mache komèsyal endividyèl la men ki pa kalifye pou kredi taks. Konpayi asirans yo estime ke konsomatè ak fanmi sa yo pral fè fas ak yon ogmantasyon 4.3 pousan nan pri asirans yo ane pwochèn sèlman akòz eliminasyon kredi sa yo.

Premye estimasyon yo montre tou ke pwojè lwa a yo pwopoze a lakòz 65,000 ak 80,000 moun — apeprè yon tyè nan moun ki enskri sou mache endividyèl la — pèdi kouvèti yo. Pi plis konsomatè pral fè fas ak nouvo fòmalitye administratif ki pral fè li pi difisil pou enskri ak renouvle kouvèti yo.

Pwojè lwa pwopoze a prive tou fleksibilite ak otonomi Nouyòk gen pou jere pwòp mache li a epi reponn ak bezwen rezidan li yo, epi enpoze nouvo chaj administratif ki lou ak chè sou Eta a. Eta a prevwa plis pase 10 milyon dola nan nouvo kou administratif pou aplike chanjman ke pwojè lwa a mande yo.

**Direktè Egzekitif NY State of Health la Danielle Holahan, te deklare,** "Nou gen gwo enkyetid sou efè konbine pwojè lwa sa a, sitou lè li konbine avèk ekspirasyon kredi taks sou prim yo. Rediksyon nan elijibilite pou asistans finansye ki ede Nouyòkè peye swen vle di moun y ap peye plis pou vizit doktè, medikaman, ak swen sante mantal. Founisè ki deja nan difikilte yo, espesyalman nan zòn riral yo nan eta a, ka pa kapab kontinye pousuiv aktivite yo nan kad pwopozisyon sa a, sa ki ta limite ankò plis aksè pou Nouyòkè yo ak swen."

Nouyòk konnen gwo siksè pandan 12 dènye ane yo nan fonksyonman mache li a — ak 6.7 milyon moun ki deja enskri pou kouvèti — epi atenn yon to ki san asirans ki pi piti pase 5 pousan, to ki pi ba pami gran eta yo nan peyi a. Pwojè lwa sa a ap anile plizyè deseni pwogrè nan ekstansyon kouvèti ak nan aksesibilite swen sante nan Nouyòk, epi ap mete sante konsomatè yo an danje atravè eta a.

###

Lèt nouvèl disponib sou sit [www.governor.ny.gov](http://www.governor.ny.gov)  
Eta Nouyòk | Chanm Egzekitif | [press.office@exec.ny.gov](mailto:press.office@exec.ny.gov) | 518.474.8418  
Enskri pou w jwenn mizajou Biwo Gouvènè a: [ny.gov/signup](http://ny.gov/signup) | Voyer tèks NEW YORK bay 81336

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)